**БИЙНОНТИ ÆНГОМ ЦАРД СÆХЕЦÆН ДÆР ÆМА АДÆМÆН ДÆР ФАРНÆХÆССÆГ ÆЙ!..**



*Расул ГАМЗАТОВ (1923-2003), Дагестани адæмон поэт, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр: «Фидиуæзæг, бийнонтæ – райдайæнти райдайæн… Аци къæсæрæй райдайуй царди над, æма циуавæр рауайдзæнæй, е ба махæй, нийййергутæй аразгæ ’й…» Кæстæртæн ба Расул фæдзахста: «Нийййергутæбæл тухсетæ. Рæвдауетæ сæ аллибон дæр, тухсетæ сæбæл!..»*


АХСГИАГ ГЪУДДАГ

РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

2026 АНЗИ ЦУППАР МÆЙЕМÆН.
ЕЦИ РÆСТÆГÆН Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 262 СОМИ ÆМА 92 КЪАПЕККИ;
УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 230 СОМИ ÆМА 92 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№29 (1045) 2026 анзи 1 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


**АДÆМИ УАРЗТ КЕ ГЪÆУЙ, Е СÆ ФИЦЦАГИДÆР ÆХУÆДÆГ РÆСТЗÆРДÆЙ ФÆУУАРЗУЙ!..**

## ÆНОСТÆМÆ НИН ТАБУЙАГ ЗАДÆЛЕСКИ НАНА…



КЪЕСАТИ Марати конд хузæ «Задæлески Нана, адæми Мадæ». Ист æй социалон хизæгтæй.

Æма бабæй нæ кадгиндæр бæрæгбæнттæй еуей афонæ ралæудтæй – сабати, 1 августи бæрæг кæндзинан Задæлески Нанай цитгингæнæн бон. Задæлески Нана ка ’й æма ин æ номбæл уоййасæбæл парахаттæй сæрмагонд бæрæгбон цæмæн бæрæггонд цæуй, уой, махмæ гæсгæ, амонун нæ гъæуй – уотемæй дæр еци хабæрттæ зундгонд æнцæ. Фал уæддæр цубурæй ба зæгъдзинан уой, æма недзаманти нæ адæмихатт е ’знæгти азарæй бунисæфт ку кодта, дзилагæ си æгириддæр нæбал байзайдзæнæй, зæгъгæ, ку истæссаг æй уавæр, уæд аци силгоймаг нæ фидтæлтиккон цæрæнбунæттæбæл æвæллайгæй зилдæй æма æмбурд кодта, уæди æверхъауæй-æверхъаудæр уавæрти ма ка райервазтæй, еци сувæллæнтти. Сæ багъæуай кæнуни зæрдтæй сæ бафæсвæд кодта Дигоргоми, нури Задæлескæ кæми ’й, уой фалдзос лæгæти. Цийфæнди зин æма тæссаг кæд адтæнцæ уавæртæ, уæддæр сæбæл мади рæвдудæй ауодудта, исгъомбæл сæ кодта. Ка си куд байлæгъ кодта, уотæ си алкедæр хецæн бийнонтæ аразта… Гъе уотемæй, е ’цæг ном æнæзундгондæй кæмæн байзадæй, фал адæм ба зæрдиагæй Задæлески Нана, зæгъгæ, хонун ке байдæдтонцæ, еци силгоймаги хъазауати фæрци нæ адæмихатт нæуæгæй исцардгъон æй…

Гъе уомæ гæсгæ рагон дзамантæй ардæмæ алли анз дæр æ кадæн Задæлески арæзт цæуй сæрмагонд адæмон бæрæгбон. Æрæги уæнгæ ’й фулдæр бæрæг кодтонцæ Дигоргоми дзиллæ. Фал æ ахедундзийнадæ æгæрон ахсгиаг ке ’й, уомæ гæсгæ ба нимад æрцудæй еугур республикон бæрæгбонбæл.

… Мæнæ Задæлески Нанай хузæгонд æма нуриккон æригон мади къарæ еумæ хумæтæги нæ мухур кæнæн – кæдимайди ба нæ Задæлески Нанай æскъуæлхтдзийнадæ фæрразæнгарддæр кæнидæ æма нæ адæм фулдæрæй-фулдæр æма цардгъондæр кæнун байдайидæ. Е уодзæнæй нæ тæккæ агъазиаудæр цитгийнадæ аци намусгин силгоймагæн, æ номерæнæн.

Задæлески Нанай туххæй æрмæгутæ ба кæсетæ 4-5 фæрстæбæл.



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

**РАСТ ГЪУДДАГÆН ДÆ ЗÆРДИ ХЪАУРÆ КУ НИВОНД КÆНАЙ, УÆД ДÆ АМОНД БА ÆХУÆДÆГ ИССЕРДЗÆНÆЙ**

## НÆ УОДВАРНÆЙ УОДВЕДАР КУД УÆН!..

Зундгонд куд æй, уотемæй нæ республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** æрæги Парламентмæ барвиста, «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий паддзахадон æвзæгти туххæй», зæгъгæ, закъони проект. Æма бафæдзахста, цæмæй имæ каст æрцæуа æхсæнадон уагæй дæр, адæм зæгъонцæ сæ гъудитæ, сæ зæгъуйнæгтæ. Еци гъуддаги архайуни ихæс мах, газет «Дигорæ»-йи редакци дæр райстан нæхемæ. Аци закъони проекти фæдбæл æрмæгути хæццæ ма мухур кæнуйнаг ан, нæ мадтæлон æвзаги уавæр æма ирисхъи фæдбæл æрмæгутæ.

Æма уин абони уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан филологон наукити доктор **Сабайти Сулеймани** (1930-2014) финст уац (2-аг æма 6-аг фæрстæбæл). Æ рæстæги мухургонд æрцудæй журнал «Ирæф»-и (1991 анзи, дуккаг номери), фæстæдæр ба газет «Дигорæ»-йи дæр. Уæдæй ардæмæ ци рæстæг рацудæй, уой дæргъци æййивддзийнæдтæ куд не ’рцудæй нæ мадтæлон æвзаги уавæрти, уæлдайдæр ба дигорон æвзагмæ цæстдарди. Фал уæддæр, Сулейман уæд ци тухстаг фарстати фæдбæл загъта æ гъудитæ, уонæй кæцидæртæ абони дæр ма æнцæ дзурдтаг. Уогæ уин уони ци дзорæн – бакæсетæ Сабайти Сулеймани уац æма ин æ уæди зæгъуйнæгтæ рабаретæ абони уавæртæ æма хабæртти хæццæ.

* * *

Фæндуй ма нæ абони уæ еума цæмæдесаг æрмæги хæццæ базонгæ кæнун. Нури æзнæт рæстæгути нæ Фидибæстæмæ фудзæрдæ ка даруй, етæ нæ нихмæ аразунцæ аллихузон мæнгард миутæ. Зæгъæн, кæцидæр нигулæн бæстити разамунди фудзунддзийнадæ рабæрæг æй уомæй дæр, æма хъоди кæнун байдæдтонцæ уæрæсейаг културæбæл. Сæ миутæ бæлвурдæй нæ цæунцæ сæ зæрдæмæ сауæнгæ сæ бæстити рæстмæгъудигæнæг дзиллæн дæр – æгириддæр сæ нæ фæндуй Уæрæсей адæмти култури алæмæтдзийнадæй фенæхай ун, е син алкæддæр цæмæдесаг адтæй. Уомæн æвдесæн, абони 7-аг фарсбæл ци æрмæг мухур кæнæн, е дæр.

*Владимир ПУТИН, Уæрæсей Федераций Президент: «Цæмæй Уæрæсей адæмти æвзæгтæ ирæзонцæ, уой туххæй син гъæуама агъаз кæнонцæ электрон æма мухури фæрæзнитæ, гъæуама национ æвзæгтæбæл уагъд цæуа литературæ. Уæлдай æргом ба раздахун гъæуй скъолати сæ ахур кæнуни уавæрмæ...»*

## РÆСТДЗИЙНАДÆ ЗÆГЪÆ, ÆМА ЦÆРГÆ-ЦÆРÆНБÆНТТИ Æ БÆЛВУРД КÆНУНБÆЛ ТУХСÆГ УО



ГУРДЖИБЕТИ Блашка МАЛИТИ Геуæрги БАГЪÆРАТИ Созур

# ЦÆСТУАРЗОНДЗИЙНАДÆЙ ÆХСЕДУЙ НÆ ЕУДЗИЙНАДÆ!..

**САБАЙТИ Сулейман (1930-2014), филологон наукити доктор, профессор.**

Адтæй, гъулæггагæн, уæхæн рæстæгутæ дæр, æма дæсгай æнзти дæргъи мадтæлон æвзагæн уотид æ кой кæнун дæр нæ уагътонцæ. Еске æ фарс ку радзоридæ, уæд æй уайтæккæдæр «буржуазон националисти» номи хæццæ, куд фæззæгъунцæ, куйти хуæруйнаг бакæниуонцæ.

Нæ хецауеуæггæнгутæй æма интеллигенцийæй беретæ уомæ бæлдтæнцæ, цæмæй нæ бæсти еугур адæмтæ дæр еу æвзагбæл дзорун байдæдтайуонцæ, гъома, уотемæй коммунизм тагъддæр арæзт æрцæудзæнæй. Е си кенæ æцæгæйдæр æруагæс кодта, кенæ ба, еци миуæ рæдуд ке 'й, уой лæдæрдтæнцæ, фал коммæгæсæй амменæгæнæг иссæнцæ уæлдæрбадгути унаффитæ. Ци си рауадæй, е ба фæстæдæр рабæрæг æй – еумæйаг æвзаг тухмиуæй ке аразтонцæ, е ба æрхаста берæ зиантæ адæмти культурон райрæзтæн. Уæлдай зиндæр уавæрти бахаудтæнцæ бæрцæй минкъийдæр адæмтæ æма сæ културæ.

Дууинæймаг æнзти райдайæни еци незихатт рахæлеу æй Иристони дæр. Æцæг ами нисан райдайæни хумæтæгдæр адтæй: ирон æвзаги бундорбæл еумæйаг литературон æвзаг исаразун: ирæ, дигорæ æма къударæн еумæйаг литературон æвзаг исаразун. Уой фæдбæл берæ дзубандитæ цудæй периодикон мухури æма æхсæнадон æмбурдти дæр. Ирон интеллигенцийæй еуетæ цæхгæрмæ ниввардтонцæ фарста, цæмæй дигорон æвзаг бустæгидæр æхгæд æрцудайдæ, пайдагонд мабал цудайдæ мухури æма скъолати. Гъулæггагæн, еци адæмти фарс ниллæудтæнцæ зундгонд адæймæгутæ дæр. Зæгъæн, литературон критик Тибилти Александр æма финсæг Коцойти Арсен дæр. Арсен 1927 анзи ниммухур кодта газеттæ «Рæстдзинад» æма «Хурзæрин»-и дууæ уаци, кæцитими финста, зæгъгæ, газеттæ, журналтæ æма киунугутæ уадзун гъæуй айдагъдæр иронау, скъолати дæр дигорон сабийтæ гъæуама ахур кæнонцæ айдагъ ецирдигонау сауæнгæ фиццаг къласæй («Рæстдзинад», 1927 анз, 30 июль; «Хурзæрин», 1927 анз, 27 номер). Уой æмцъух финста Тибили-фурт дæр: *«… в споре за первородство дигорскому языку придется уступить свое право младшему собрату, иронскому наречию, конечно, не за чечевичную похлебку, а во имя большой идеи единого осетинского литературного языка…»*

### ÆВЗÆГТÆ ÆРХÆСТÆГ УОДЗÆНÆНЦÆ ÆМСÆРÆМБАРÆ КУ УОНЦÆ, УÆД...

Адтæй ма никкидæр уотитæ дзоргутæ, фал сæ нихмæ карзæй ниллæудтæнцæ, дигорон адæми цард æма æвзаг хуарз ка зудта, уæхæн рæстзæрдæ зундгонд адæймæгутæ. Уонæй адтæнцæ – адæмон ахургæнæг-рохситауæг Бердити Дудар æма финсæг, искурдиадæгин ахургонд, историон наукити доктор, профессор Кокити Геуæрги. Етæ лæмбунæг исбæлвурд кодтонцæ ирон æма дигорон æвзæгти хецæндзийнæдтæ æма уомæ гæсгæ нимадтонцæ, цæйбæрцæбæл æнæраст æй, дигори адæм æнæ киунугæ, æнæ газет ке байзайдзæнæнцæ, е, уæдта дигорон сувæллæнтти бон ба иронау нæ исуодзæнæй гъæугæ хузи æнтæстгинæй ахур кæнун, зæгъгæ. Еци гъуддаг ба нимадтонцæ хæрандзийнадæбæл. Дудар æ еу уаци финста: *«Ирон адæм ка хуннуй, етæ къуар æвзагей æздæхтæбæл дзорунцæ æма еуæй-еуетæмæ гæсгæ уони исеу кæнун æнгъезуй ирон æвзаги фæлхæнбæл. Æнгъезгæ, гъай-гъай дæр кæнуй, æнгъезæнæн дæр кæрон ес, ирон фæлхæнмæ рахатун æгириддæр зин нæй Ирæ, Къудар æма Туалтæн, фал Дигорæ ци 'рдæмæ хатдзæнæй, дæ ирон æвзаги фæлхæн дин æгириддæр ку нæ зона, уæд? Ке бон æй лæгдухæй еугур адæми æвзаг къахи буни фæккæнун? Ке бон æй къариндаси еу ханхæй еугур адæми æвзаг æрæвгæрдун?..»*

Дудар æма Геуæрги хуарз гъуддагбæл нимадтонцæ оссаг адæмæн, гъома, Ирæ, Дигорæ æма Къударæн еу литературон æвзаг исаразун, фал æй тухбегарайæй ке аразтонцæ, уой нихмæ адтæй сæ дзубандий сæр. Геуæрги финста: *«Рагæйдæр мах дигорон адæмæй уотæ неке загъта æма нæ ирон адæми хæццæ еумæйаг литературон æвзаг нæ фæндуй, зæгъгæ. Мах уотæ зæгъæн, æма еумæйаг литературон æвзагæн, æвзаги хатæнтæ еумæ исæмæнтъери кæнæ, уотемæй искæнæн нæййес, фал æвзаги диалектти цард æхуæдæг гъуддаг байамондзæнæй...»*

Аци гъуди раст æй социалонполитикон æма наукон æгъдауæй дæр. Æвзæгтæ, диалекттæ ирæзунцæ сæхе медзакъонтæмæ гæсгæ, мæнæ æрдзи фæззиндтити хузæн. Уонæн базонæн ес, æма си фæппайда кæнун æнгъезуй, фал сæ декретти фæрци раййевæн нæййес, зумæг сæрдæй куд нæййес раййевæн, уотæ. Æцæг æвзæгтæ уæд æрхæстæг уодзæнæнцæ кæрæдземæ, уæд си исуодзæнæй еу литературон æвзаг исаразæн, æма æмсæр, æмбарæй ку ирæзонцæ еумæ.

Уæхæн хатдзæгмæ æрцудæнцæ уæди рæстæги æвзагзонунади еугур дуйнетæбæл игъустгонд устурдæр ахургæндтæ, профессортæ **Николай Яковлев**, **Алексей Башкиров**, **Всеволод Миллер**, **Владимир Гордлевский** æма æндæртæ сæ еумæйаг æмбурди Мæскуй. Уæхæн унаффæ рахастонцæ нæхе ахургæндтæ дæр, Цхинвали син ци еумæйаг æмбурд адтæй, уоми. Ахургæндти фæндæ æма дигорон интеллигенций курдиадæмæ гæсгæ Советон хецауадæ, номхундæй ба М.И. Калинин рауагъта уæхæн бардзурд, цæмæй республикон газет «Рæстдзинад»-и, уæдта журнал «Мах дуг»-и мухургонд цудайдæ æрмæг ирон æма дигорон æвзæгтæбæл еумæ, уæдта скъолати дæр сувæллæнттæ ахур кæнонцæ райдайæн къæлести сæхе мадтæлон æвзагбæл.

Цæгат Иристони обкоми бюро дæр 1934 анзи ци унаффæ рахаста, уоми амунд цудæй, зæгъгæ, цалинмæ дигорон адæмæн сæ дзæвгарæ фулдæр хай базона еумæйаг литературон æвзаг, уæдмæ газет «Рæстдзинад»-и мухургонд цæуонцæ æрмæгутæ, рауагъдади ба уагъд цæуæнтæ киунугутæ дигорон æма ирон æвзæгтæбæл, дигорон гъæути скъолати дæр сабийтæ райдайæн къæлести ахур кæнонцæ дигорон æвзагбæл. Уой уæлæнхасæн ба ма ирон скъолати дæр амунд цæуонцæ, ирон æвзаги ка нæййес, уæхæн дигорон терминтæ. Гъуддагон гæгъæдитæ дæр Дигори районти арæзт цæуонцæ дигоронау, нисангонд ма æрцудæнцæ æндæр мадзæлттæ.

### ÆНÆБУНАТИ КЕУТÆ-МЕУТÆЙ ЕУМÆЙАГ ГЪУДДАГ РÆСТМÆ НÆ КÆНУЙ

Аци унаффæ мухургонд æрцудæй газет «Пролетарий Осетии» 1934 анзи 24 июли 163-306 номери. Фал фæстæдæр уой нецæмæ æрдардтонцæ еуæй-еу хецауеуæггæнгутæ æма æдзæстуарзон интеллигенттæ. Адтæй ма æндæр æмбурдтæ æма финститæ, арæзт æрцудæй мæнгæ экспедицитæ Дигори районтæмæ. Уотемæй, 1936 анзи 10-11 июли Иристони арæзт æрцудæй конференци литературон æвзаги фæдбæл. Ами архайæг налатдзæфтæн бантæстæй уæхæн унаффæ рахæссун, цæмæй гъуддагон гæгъæдитæ арæзт цæуонцæ еумæйаг литературон æвзагбæл, дигорон терминтæбæл куст æхгæд æрцæуа, дигорон æвзагбæл ахургæнæн киунугутæ уагъд мабал цæуа, дигорон скъолати ба фиццаг къласæй фæстæмæ ахур кæнонцæ ирон æвзагбæл… Еци унаффæ дæр мухургонд æрцудæй газет «Пролетарий Осетии» 1936 анзи 14 июли, 158 номери.

Ке зæгъун æй гъæуй, дигори интеллигенци уобæл нæ исарази 'нцæ æма сæ номæй Бесати Тазе финстæг ниффинста газет «Правда»-мæ. Уордæгæй ба финстæг æрвист æрцудæй нæуæг алфавити Еугурцæдесон сæйраг Комитетмæ. Ами 1937 анзи 25 январи сæрмагонд къамиси æмбурди еуварсгонд æрцудæнцæ Иристони конференций Унаффитæ. Æнгъæлæн адтæй, уобæл гъуддаг ниллух уодзæнæй, зæгъгæ. Фал сæ фудзæрдæй туффуттитæгæнгутæ æма дигорон æвзаги исæфтмæ бæлгутæ нæ банцадæнцæ. Æцæг, сæ айрхайд фендæрхузон кодтонцæ. Тæккæ фиццагидæр багъавтонцæ дигорон финсгутæн сæ ахсгиагдæртæ Малити Геуæрги æма Къосирати Сæрмæтмæ. Æма син бантæстæй сæ мæнгарддзийнадæ – аци дууæ алæмæти искурдиадæгин æма рæстзæрдæ адæймаги ахæст æрцудæнцæ. Геуæргий мæнгæ даутæй фудгин кодтонцæ, колхозти арæзтади нихмæ дзоруй, зæгъгæ, Сæрмæт ба, дан, советон цардарæзти нихмæ тохгæнгути хæццæ баст æй. Æцæгæй ба Геуæрги айдагъ устур финсæг нæ, фал ма адтæй Октябри революций æма уой фæсте Советон цардарæзти рæстæгути устур æхсæнадон косæг, зундгонд парти «Кермен»-и агъазиаудæр разамонгутæй еу. Иристони культури ирæзтбæл зæрдтагондæр архайгутæй адтæй Сæрмæт дæр.

Уой фæсте иннæ дигорон финсгути ба тухмиуæй æздахтонцæ, цæмæй райдæдтайуонцæ иронау финсун. Æнæбари ирон æвзагбæл финсун райдæдтонцæ Гулути Андрей æма Бесати Тазе. Зæгъун гъæуй уой, æма Андрей уруссаг æма дигорон æвзæгтæбæл хуарз финста, уомæн æма сæ базудта, куд фæззæгъунцæ, æ мади æхсири хæццæ – райгурдæй станицæ Черноярскаяйи (нури Мæздæги районы) æма уоми дууæ æвзаги дæр æрвадеуæг кодтонцæ

Тазе дæр дигоронау ци æмдзæвгитæ æма радзурдтæ ниффинста, етæ аййевадон æгъдауæй тухгин адтæнцæ... Уой хæццæ ба зæгъун гъæуй уой дæр, æма дууемæй дæр иронау ци уадзимистæ ниффинстонцæ, етæ ба рауадæнцæ дзæвгарæ лæмæгъдæр. Нæ син бантæстæй сæ искурдиадæ æндæр æвзагбæл æнхæстæй раргом кæнун.

Хъæбæр кадавар уавæрти бахаудтæнцæ уони фæсте фæлтæртæй дигоронау ка финста, етæ дæр. Уомæн æвдесæнеуæг кæнуй, дæсгай æнзти дæргъи финсгути Цæдеси рæнгъитæмæ уонæй ке некебал бауагътонцæ, Тетцойти Тайморазæй уæлдай, е дæр. Уой дæр дзæвгарæ рæстæг нæ истонцæ, фал мæскуйаг финсгутæй кадæртæ æ фарс ку исдзурдтонцæ, уæд сæ нихмæ архайгутæн æндæр гæнæн нæбал адтæй. Уæддæр æй æхсæнадон-литературон кустмæ ба хæстæгдæр некæд æруагътонцæ æма рахау-бахау фæккодта, цалинмæ пенсимæ нæ рацудæй, уæдмæ.

Цума ци рамулдтонцæ еумæйаг литературон æвзаг тухмиуæй ка аразта, етæ? Сæ зианæй, сæ пайдайæй кæци фæффулдæр æй? Дзубанди дæр ибæл нæййес, ирон æма дигорон адæм кæрæдземæй райзолдæр æнцæ зæрдæй дæр æма æвзагæй дæр. Рагъуди кæнайтæ, цанæбæрæг æхцæуæн адтайдæ дигорæн, сæ исфæлдистадон фæсевæдæн син сæ мадтæлон æвзаги нæдтæ комкоммæ хайладæй æхгæд ке цудæнцæ, е?..

6

Уæрæсей Федераций æма Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг Абойти Петри фурт Заурбеги райгурдбæл 1 августи æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1931-2000). Æ кустмæ цæугæй, 2000 анзи æвæдæй фесавдæй, абони уæнгæ дæр неци бæрæг ес, ци бацæй, уомæн.

*Еу рæсог цæугæдон, дан, æ хузæй исгъигæ 'й æма æндæрхузон исунмæ бæлдтæй. Еууæхæни хонхи фахсæй лæсæн рабурдæй æма еци цæугæдон ку исæзманста, уæд е æхецæй нибботс æй...» Мах дæр хаттæй-хатт еци цæугæдони хузæн нæ имонау хуарздзийнæдтæ, кæмæдæрти æрхицæ кæнгæй, «ниллæкъунтæ» кæнæн...*



### ÆРИГОНÆЙ Æ БАКАСТ ЛÆГИ ХУЗÆН КÆМÆН ÆЙ, Е ЛÆГИГЪÆДГУНÆЙ ЦÆППО-ЛÆППО КÆНУЙ!..



# ГЪОМБÆЛ КÆНУНЦÆ ÆЦÆГ ПАТРИОТТÆ

Республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Тайморáз**, æ хæццæ Парламенти депутаттæ **Бæззати Алан** æма **Цæгæрати Руслан**, уотемæй бабæрæг кодтонцæ сувæллæнтти реабилитацион центр «Тамиск». Ами базонгæ 'нцæ, фæлладуадзæн косæндонæ «Фидибæсти уарт»-и («Щит Отечества») бундорбæл арæзт æфсæддонпатриотон агъазиау æмбурди кæронбæттæни къæпхæни мадзæлттæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой хæццæ.

Парламенти Сæрдар, æ хæццæ санаторий разамонæг **Цæгæрати Зæринæ**, уотемæй æрзилдæй центри æрмадзитæбæл, базонгæ 'й, ци ахургæнæн фæзуæттæ си ес, уони хæццæ. Еци рæстæг Тускъати Тайморáз радзубанди кодта сувæллæнтти хæццæ, æ хъауритæ бавзурста хуæцæнгарзæй æхсунæй æма, æхуæдæг ка тæхуй, уæхæн аппарати хæццæ куд архайун гъæуй, уомæй.

Сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæ æма дæсни гъомбæлгæнгутæ ахурдзаутæн амонунцæ, автомат куд æмбурд кæнун, ихалун, æхсун си гъæуй, FPV-дронти хæццæ куд архайгæ 'й, фиццаградон медицинон агъаз куд кæнгæ 'й, уони æма æфсæддон архайди æндæр сосæгдзийнæдтæ.

Уæхæн ахуртæ исаразуни хъæппæрес равдиста Цæгат Иристони фæсевæдон æхсæнадон организаци «Нæуæг фæлтæр», æ сæргъи – Парламенти депутат Бæззати Алан. Гранти хузи син фæййагъаз кодта æзмæлд «Движение первых». Сæ архайди нисан æй историон рæстдзийнадæ багъæуай кæнун æма феронх кæнун æй нæ бауадзун, кæстæртæмæ граждайнаг бæрнондзийнадæ ирæзун кæнун æма сæ райдайæн æфсæддон цæттæдзийнади арæхстдзийнæдти хæццæ зонгæ кæнун.

Нури ахуртæ ба æнцæ абони царди домæнтæн дзуапдæттæг патриотон гъомбæлади ахсгиаг къæпхæн. Райдæдтонцæ аци анзи 1 майи æма фæуууодзæнæнцæ 30 ноябри. Сæ архайгутæ 'нцæ 12-11-анздзуд æнагъон сувæллæнттæ æма æригæнттæ, уæдта айдагъ нæ республикæй нæ, фал Уæрæсей æндæр сахартæй дæр. Программи аллихузон мадзæлтти нуриуæнгæ архайунцæ 3500 ахурдзауи. Ахуртæ дехгонд æнцæ æртæ къæпхæнебæл. Фиццаг бал кæронмæ æрхъæрттæй: экскурсити рæстæг фæсевæд бабæрæг кодтонцæ, нæ республики ка 'й, Устур Фидибæстон тугъди еци циртдзæвæнтæ. Нур цæуй дуккаг къæпхæн – тематикон сæрдигон кезутæ. Еци-еу рæстæг арæзт цæунцæ интеллектуалон-патриотон еристæ, гъæзтитæ æма турниртæ.

Ахурти архайгути зонундзийнæдтæн аргъ кæнунцæ Уæрæсей Бæгъатæр, республики фæллойнæ æма социалон ирæзти министр **Абайти Юрий**, республики фæсевæди гъуддæгути фæдбæл комитети сæрдар **Джусойти Руслан** æма сæрмагонд æфсæддон операций архайгути ветеранти ассоциаций сæрдар **Магкати Олег**. Сувæллæнтти хæццæ фембæлунмæ æма радзубанди кæнунмæ ахид æрбацæунцæ сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæ дæр.

Ахурти архайгутæн райарфæ кæнгæй, Тускъати Тайморáз баханхæ кодта уой, æма аци гъуддаг фæлтæрти 'хсæн бастдзийнадæ æнгонгæнæг ке æй.

– Адæймаг гъæздуг уæд фæууй, æма æ анзфинст, æ бийнонти, сæ муггаги хестæртæ ка адтæнцæ æма куд цардæнцæ, уой ку фæззонуй. Нæ цитгин бæсти гъæздуг истори зонун махæн нæ устурдæр тухæ 'й, – загъта Парламенти Сæрдар.

***МАЛХЪАРТИ Зæлинæ***





### РÆСТЗÆРДÆЙ ЛИМÆНТÆ СÆ КÆРÆДЗЕМÆН НИФСДÆТТÆГ ФÆУУНЦÆ!..

# КÆРÆДЗЕБÆЛ ÆХЦУЛ АДÆМТÆН СÆ ЕУДЗИЙНАДÆ ФЕДАР ÆЙ...

Дзæуæгигъæуи 29 июлæй 2 августи уæнгæ цæуй агъазиау културон мадзал – IV Еугуруæрæсеуон этнофестиваль «Рон-2026». Сæйрагдæр архайд цæуй дууæ бæрæг фæзуатебæл: 29 июлæй 2 августи уæнгæ иуазгутæн ес Цæгат Иристони Национ музейи равдиститi зали (Горькийи гъæунгæ, 8-аг хæдзарæ) сæрмагондæй арæзт равдист-армукъа бабæрæг кæнуни равгæ; æ кæронбæттæни ба, 2 августи Дзæуæгигъæуи Сæребари фæзи æвдист цæудзæнæй устур концертон программæ. Аци цæмæдесаг мадзал арæзт цæуй културон хъæппæрести Президентон фонди агъазæй. Æ исаразунбæл ба байархайдтонцæ Цæгат Иристони æма Уæрæсей адæмон аййевадон армдæснити æмбалæдтæ æма Дзæуæгигъæуи бунæттон хеунаффæйади администраци.

Этнофестивали сæйраг нисанеуæг æй нæ Фидибæсти адæмти æгъдæуттæ æма исфæлдистади еудзийнадæ федардæр кæнун. Æма си архайун ба сæ бон æй нæ бæсти алли регионти адæмон аййевадон армдæснитæн, хузæгæнгутæн, дизайнертæн, брендтæ æма исфæлдистадон студитæн, ансамблтæ æма музыкалон коллективтæн.

Фестивали рæстæг сæ куститæ æвдесунцæ армдæснитæ Краснодари æма Красноярски крайтæй, Дагестани æма Кæсæг-Балхъари республикитæй, Оренбурги, Иваново æма Саратови облæсттæй, Стъараполæй æма Цæгат Иристонæй.

Иуазгутæ сæхе цæститæй уинунцæ аййевадон геппиуадзуйнадæ, гъæдæрмæги хæццæ куст, æвзестæ æма æндæр æрмæгутæй ювелирон куститæ, фуси царæй æма сæракæй конд дзаумæуттæ, æрдзон дортæй арæзт хæзнатæ æма уотæ идарддæр. Уæлдай парахатдæрæй æвдист цæунцæ цæгатиристойнаг армдæснити куститæ: къохæй конд бæгæний къостæ æма фингитæ, цилле сæрбæттæнтæ, хæдæнттæ, авдæнтæ æма æндæртæ.

Фестивали кæронбæттæн, ку зæгъæн, рахецæн уодзæнæй 2 августи Дзæуæгигъæуи Сæребари фæзи арæзт устур Гала-концертæй. Бабæрæг æй кæнетæ, уæ зæрдæмæ си ци фæццæуа, уæхæнæй си берæ дессæгтæ уодзæнæй.

***Нæ уацхæссæг***

## ЗУНДГИН ЗАГЪД ФАТИ ХУЗÆН ÆЙ!..



*Недзаманти бердзейнаг финсæг Эзоп æ фæсномуг радзурдтæй еуеми ракодта мæнæ ауæхæн хабар.*

*Цæргæс бæрзонд къæдзæхæй ратахтæй æма дзогæй уæриккæ раскъафта. Цъах æй фæуууидта, бахицæ имæ кодта æма 'й бафæндадтæй уой бафæнзун. Хъæрахстгæнгæ æхе ниццавта фусбæл. Фал æ дзæмбутæ фуси гъуни нихха-стæнцæ, æхе ратонун нæбал фæразта, айдагъдæр ма æ базуртæй дзæхст-дзæхст кодта. Уæдмæ 'й фиййау æрæстæфтæй, батъæбæртт имæ кодта æма 'й æрахæста. Æ базуртæ ин ракъуæрдта æма 'й изæри сæхемæ æ сабийтæн æрхаста. Сабийтæ 'й фæрсунцæ, айæ циуавæр маргъ æй, зæгъгæ. Е син уотæ:*

*– Æз æй зонун, цъах ке 'й, уой, фал, æвæдзи, æхуæдæг ба æхемæ цæргæс кæсуй!..»*

* * *

Лæгигъæдгундæр си ка уа, уони хузæн аццъагъуæй кæмæ неци уа, уотемæй ба сæ е æ фурсоцъайæй фæнзун ку байдайа, уæд æй æ еци фæндæ хуарзмæ не 'ркæндзæнæй – æхуæдæг дæр фидбилизи бахауй, уæдта ма иннетæн дæр ести бæлæхтæ исаразуй.

Уæлдайдæр ба уæхæн хенвæрсон хецауеуæггæнæг ку исуй, уæд гъуддæгутæ еугурæй дæр исæмæнтъери унцæ. Уой фæдбæл алли адæмихæттити дзурддзæугæ лæгтæ нин берæ зундгин зæгъдтитæ ниууагътонцæ.



**Рагон китайаг гъудигæнæг Конфуцимæ ес уæхæн фæдзæхст: «Ахургæнæг загъта: «Æууæнкæ кæбæл нæййес, уæхæн адæймаги хæццæ ести гъуддаг исаразæн куд ес? Уæрдунæн сæмæн ку нæ уа, уæд цæуæн куд ес?..»**

Мах ба Советон Цæдеси фехæлди фæсте уæхæнттæбæл бауууæндтан æма Уæрæсей цардаразæн гъуддæгутæ дæр раст гъе уони къохти бакодтан. Æма етæ дæр, кæд дзоргæ, нæ Фидибæсти æма нæ адæми хуарзбæл косæн, зæгъгæ, кодтонцæ, уæддæр сæ архайд ба æнæгъæнæйдæр адтæй айдагъдæр сæхе пайдайæн. Сæ мæнгарддзийнадæ уа нæ уа, уæддæр ке раргом уодзæнæй, уой лæдæргæй ба сæ æдзæсгонæй «бакуст» мулкитæ фæсарæнти æрримахстонцæ. Беретæ ба си сæхуæдтæ дæр сæ бийнонти хæццæ уордæмæ фæлледзæги 'нцæ…



**Номдзуд уруссаг финсæг Антон ЧЕХОВ (1860-1904) финста: «Æцæгæлон ин ка 'й, уæхæн гъуддагбæл (зæгъæн, аййевадæбæл) æхе тухнихæст ка бакæнуй, уомæй, гъай-гъайдæр, исфæлдистадон æгъдауæй неци рауайуй æма æнæмæнгæ чиновник исуй…»**

Циуавæр чиновниктæ си рауайуй æма цæмæйти «фескъуæлхунцæ», уой ба нæхуæдтæ уинæн – сæ фудæй нæ абониккон цардарæзти берæ ахсгиаг къабæзти æдзæллагдзийнæдтæ исæвзуруй, уомæй. Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Æнарæхсгæ – æнамонд аразæг!..»



**Немуцаг философ Фридрих НИЦШЕ (1844-1900) еу хабар ракодта. Цидæр бæрнон бунати æвæруйнаг ке адтæнцæ, е загъта: «Е мæ зæрдæмæ нæ цæуй…» Бафарстонцæ 'й: «Цæмæннæ?..» Загъта син: «Уомæн æма уой уæнгæ нæ исирæзтæн!..» Æма си хатдзæг искодта: «Цума уотæ ескæд зæгъдзæнæй уæддæр еу адæймаг?..»**

Кунæг!.. Абони 'й нæ уинæн, нæ алфамбулай цæйбæрцæ ес уæхæнттæ, кæцитæ сæхуæдтæ сæ нецæййагдзийнадæ лæдæргæй, еци бурсæги-бурсунцæ хецаудзийнади бæрнон бунæттæ байахæссунмæ, депутаттæ æма политиктæ исунцæ… Цума некæд фегъустайуонцæ нæ рагфидтæлти загъд: «Фонс æгомуг æй, фал æ бунат зонуй!..»

**Фиццаг дуйнеуон тугъди рæстæги Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, еци уæрæсейаг тугъдонти имисæн Бон бæрæггонд цæуй 1 августи.**

*Нæ рагфидтæлтиккон таурæхътæй. Алли адæмæн дæр толдзæ бæласи хузæн ес уедæгтæ, зæнгæ æма къалеутæ. Уедæгтæ 'нцæ е 'взаг, зæнгæ – е 'гъдæуттæ, къалеутæ ба – æ царди медес. Бæласæн æ къалеутæ ку ниццæгъдай, фал æ уедæгтæ федар ку уонцæ, уæд æ зæнгæ нæуæг къабæзтæ рауадздзæнæй; æ зæнгæ ин ку ралух кæнай, фал æ уедæгтæ цардгъон ку уонцæ, уæд бабæй талатæ исуадздзæнæй,*


Задæлески Нанай Хæдзарæ-музей.



# ÆНОСТÆМÆ НИН ТАБУЙАГ ЗАДÆЛЕСКИ НАНА...

## БÆРÆГБОНИ АРФÆ



### «НÆ ЗÆРДИТИ ХУÆРЗАУОДÆНÆЙ КÆРÆДЗЕЙ ГЪÆУАЙ КÆНÆН!..»

**Задæлески Нанай бæрæгбони фæдбæл Цæгат Иристони дзиллæн зæрдигæй арфæ кæнуй нæ республики Парламенти Сæрдар Тускъати Таймораз.**

**Хъазар æмбæстæгтæ!**

**Августи райдайæни бæрæг кæнæн нæ национ кадгиндæр бæрæгбæнттæй еу – Задæлески Нанай бæрæгбон! Аци бонæн ес сæрмагонд бунат нæ адæми уодварнон царди.**

**Рагон таурæхъмæ гæсгæ, недзаманти тухæгæнæг балхон Тимури æфсæдтæ æверхъау æрбампурстæй ку æрбалæбурдтонцæ нæ фидтæлтиккон Фидибæстæмæ, уæд нæ адæм равзурдæнцæ уоййасæбæл уæззау уавæри, æма тæссаг адтæй, сæ исонибонæй ку фæффудевгед уонцæ, сæ муггаг ку исæскъуна, уомæй. Адæм цæгъдуни кодтонцæ, сæ зæнхæбæл ма изадæнцæ айдагъ æнагъон сабийтæ. Æма уæд æхсаргин силгоймаг, кæций абони цитгинæй хонæн Задæлески Нана, æхемæ райста æгæрон уæззау ихæс – æ дæлбазур æмбурд кæнун байдæдта седзæр сувæллæнтти. Æма абони нæ бон æй федарæй зæгъун – е айдагъ уони нæ фæййервæзун кодта, бæрзонд хуæнхти къумти сæхе римæсхгæй, фал уомæй е æностæмæ багъæуай кодта нæ наций генетикон код, нæ мадтæлон æвзаг, нæ адæми алæмæти културæ.**

**Аци бæгъатæр алайнаг силгоймаги устур æскъуæлхтдзийнæдти имисуйнадæ иссæй нæ адæми фæлтæрти æхсæн æнæфехæлгæ бастдзийнади æвдесæн. Уой сорæт нин иссæй уодварнон уæлмонцтæ фæлдесуни æвдесæн – æгæрон адæймагуарзондзийнадæ, æнæфæккеугæ уодведардзийнадæ, хе адæмбæл еузæрдиуондзийнадæ.**

**Махæн нæ ихæс æй нæ адæми истори æносæй-æносмæ гъæуай кæнун æма 'й идарддæр фæлтæрæй-фæлтæрмæ хуæрзæнхæстæй дæттун. Фæсевæд гъæуама зононцæ æма гъомбæл кæнонцæ, се 'нтæстдзийнæдтæй æма рæстуодæй фæллойнæй нæ берæнацион Иристони байлæгъдзийнадæмæ æма æ идарддæри ирæзтмæ æ устур хай ка бахаста, уони бафæнзуйнаг дæнцæбæл!**

**Бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд! Аци цийнаг бони уин мæ зæрдæ зæгъуй сабурдзийнадæ, берæ хуарздзийнæдтæ, фæрнугадæ, устур æнтæстдзийнæдтæ уæ алли хъæппæреси дæр нæ Иристони хуарзи сæрбæлтау!**

***Задæлески Нанай туххæй бæлвурд историон æвдесæйнæгтæ, гъулæггагæн, нæ байзадæй. Байзадæй айдагъдæр нæ рагфидтæлтиккон таурæхътæ æма зартæ. Нуриккон рæстæгути дæр æ номерæнæн финст æрцудæй берæ аллихузон аййевадон уадзимистæ. Етæ æнæгъæнæй дæр бæргæ цæмæдесаг æнцæ, фал сæ еугурей ниммухур кæнунæн ба равгæ нæййес, уомæ гæсгæ ба си равзурстан Цæгат Иристони адæмон финсæг Хъайтухъти Азæмæти финст таурæхъ æма адæмон зартæй еу.***

* * *

Ахсахъ-Темур, дан, аллонти фидбилизæн райгурдæй æма сæбæл тоги зæйтæ рауагъта. Дзилати федар дуæрттæ æхсинунæй кæд е 'фсæн дæндæгутæ бафехсудæнцæ, уæддæр æ къулух къах æртæ анзей дæргъи сахари къæсæрбæл байесун нæ бафæразта. Нур ин е 'нæнимæдзæ æфсæдти фæрци æ бундор низзилдта. Уæллаг Дзилати сахармæ хор бони ауон ка дардта, уарун бони имæ æртæх æрхаун ци бæласæ нæ уагъта, уой бундзарæй рахъан кодта. Дор си дорбæл нæбал ниууагъта, сау фунук æй фестун кодта, фал уæддæр æ масти дзæкъолæ дæнгæлæй-дæнгæлдæр кодта.

Сахар гъæуайгæнгутæй чауисти æфсæн къæлæтæй ка райервазтæй, етæ Терки билтæбæл æнæнимæдзæ чауисти нихмæ уæхæн хъазауат исаразтонцæ, æма тохи фæзæмæ идардæй фæлгæсæг Ахсахъ-Темурæн æ сæригъунтæ арцæ исбадтæнцæ. Æ хъайтар чауисти сæртæ сæ гуртæй æсхъиудтæнцæ æма тогвæдгæнгæ Терки донмæ зилдæнцæ.

– У-у, аци гиаури аллонтæ, аци! Аллахмæ дæр не 'гъосунцæ, фал мин сар сæ къона кæндзæнæй, æз син сæ буни гъæр райгъусун кæндзæнæн! – мæстæй æ игæр сугъдæй Ан-Насирæн, уотемæй, æртхъерæнтæ кæнгæ, фæлгæсæн обаумæ исхилдæй.

Терки билæбæл байеудагъ æй æверхъау тугъд. Армидзаг аллонтæ æнæнимæдзæ тухгæнгути апп-уппи исистонцæ. Цæф чауисти нæтун, тарст бæхти хуррут, æхсаргæрдти зæлланг, æндон фæтти æскъот æма æрцити хъирристæй гъостæ къуру кодтонцæ. Чауисти сау сæртæ Терки билæбæл харбузи зад хумтау зиндтæнцæ. Гъе, фал еу чауис кæми æрхауидæ, уоми æ бæсти дæс уæхæни фæллæууидæ.

– Тох, тох! – азæлдæй аллонти нифсхаст гъæлæс æма сæ болат æндон кæрдтæ арвау æрттивтонцæ.

Ахсахъ-Темур æ цæстæ æрæвардта уарийау усхъæй-усхъæмæ тохæг цуппар аллонебæл. Æхсаргардæй сæмæ райамудта æма æ тургаутæн зæгъуй:

– Уæртæ уонæй мин еу аллони уодæгасæй ка 'рбакæна, уомæн – мæ лæвар!

Бардзурд исæнхæст кæнунмæ тургауттæ æма нукерти къуар сæ тæлфагæ бæхти базмæлун кодтонцæ, æма, ил-алла гъæргæнгæй, тохи будурмæ сæхе рагæлстонцæ. Тументи нæуæг зæйæ дæр бабæй кæцæйдæр фескъудæй, æма будур тоги буни фæцæй. Цуппар уарийи алфамбулай фудголти мæрдти цæндитæ фулдæрæй-фулдæр кодтонцæ. Æртухсти цæг сæбæл æнгонæй-æнгондæр кодта. Уодæгасæй сæ райсунмæ ке гъавунцæ, уой балæдæрдтæнцæ æма, нур кæрæдзей марунмæ фæззелонцæ, зæгъгæ, уотæ зæнхи скъудæй фелвæсæгау, дууæ бæхгини «тох, тох! » гъæргæнгæ, нукерти æма чауисти сæ буни фæккодтонцæ.

– «Тох, тох!», азæлдæнцæ хуæнхтæ, æзмалдæй зæнхæ, болат æхсаргæрдти зæлланг къулух Темури уод æ хъурæй ласта.

Цуппар домбай аллони фатдзæфæй къæхтæбæл лæуунгъон адтæнцæ æма, æртухстæй ку фæууæгъдæ 'нцæ, уæд сæ гъостæ дууæ аллойнаг бæхгиней гъæр райахæстонцæ:

– Гъæдæмæ, гъæдæмæ, хуæнхон цæргæстæ!

Æма цуппар аллони, кæрæдземæн æгъазгæнгæй, пихсити ранигъулдæнцæ. Уæд дууæ бæхгини дæр, тохи будури æнæнгъæлæги куд февзурдæнцæ, уотæ син сæ думгæ дæр некебал рауидта.

Дзилати будур кæми æнæ цонг, кæми æнæ сæр цагъди мæрддонæ фестадæй. Цæф чауисти гъæрзун, тарст бæхти хуррут æма зæрдæскъунæн гъæрмæ Ан-Насири бауæр сесбунтæ исбадтæй. Сæригъунтæ арцæ исбадтæнцæ, æма, æ бункаг билæ æхсингæй, бартхъеræн кодта:

– Сар уæ къона, сар, аллонтæ, æз сумахæн уæ буни гъæр ку не 'ссæун кæнон!

Азиаг лæборгутæ къуæрей дæргъи нигæдтонцæ сæ цагъд мæрдти. Фал син æнцойнæ нæ лæвардта аллойнаг дууæ æвзонг бæхгини. Кизгæ æма биццеу сæ уадсор бæхтæбæл «тох, тох!» кæнгæ æнæнгъæлти февзурдæнцæ. Зад хумæмæ байервæзæгау знагæй дзæвгарæ æркарстонцæ æма бабæй æвеппайди æрбадæлзæнхæ 'нцæ.

Темуронтæ, бонæ уа, æхсæвæ уа, æнцойнæ нæбал зудтонцæ. Сæрмагонд дружини тугъдонтæ дууæ «сайтани» æрахæссунмæ алли мадзæлттæ аразтонцæ, фал æгириддæр æнгъæл кæми нæ адтæнцæ, уоми бабæй етæ тоги зæйтæ рауагътонцæ.

Аллойнаг дууæ налат бæхгини æртиккаг бон нæбал фæззиндтæнцæ æма фæсæмбесæхсæви азиаг «сайтæнтти» хуссæг æ буни искодта æма, бæхти хузæн хуррутитæгæнгæ фунæй кодтонцæ. Хъалагъурти дæр æрдзи сабурдзийнадæ исустурзæрдæ кодта, æма сæбæл Терки дони аллолайи зартæмæ мæрдфунæй бахуæстæй. Раст еци рæстæг дууæ налат бæхгини лагери февзурдæнцæ æма Ахсахъ-Темури цатирмæ кардæлвæстæй над игæрдун байдæдтонцæ. Фал тургауттæ сæ гумсæгтæ фæдеси хуаст никкодтонцæ. Чауистæ фæссæрræттитæ ластонцæ æма «ил-алла, илалла»-йæй бæстæ сæ сæрбæл исистонцæ. Нимпурст фæссикк æй, фал дууæ къæйних бæхгини кæбæлти фæттар æнцæ, уой мингай цæститæ дæр нæбал рауидтонцæ.

Æрбабон æй æма хорискастæй хорнигулæнмæ азиæгтæ фæннигæдтонцæ сæ мæрдтæ. Темури фæдæсгаргутæ къахфехсуд бацæнцæ, се 'взæгутæ ралæсиуонцæ, дууæ æвзугъд бæхгини агоргæй. Ци нæ къотæр, ци нæ доррæбун, ци нæ адагæ,

*æма ин зæнгæ дæр уодзæнæй æма къалеутæ дæр. Гъе, фал ин æ уедæгтæ ку ниллух кæнай æма ку бахускъæ уонцæ, уæд æрцудæй е ’сæфт. Уæхæн ирисхъæ ес алли адæмæн дæр: æ аци бон, æ исонибон аразгæ ’нцæ æ уедæгтæй – е ’вæзаги цардгъондзийнадæй. Уой кæддæриддæр уæ зæрдæбæл даретæ, нæ адæм, кæд уæ уе ’сæфт нæ фæндуй, уæд.*



æрхæ æма кæмттæ ба нæ басгарстонцæ, фал – некæми æма неци. Фæллад, фæлмастæй, сæргубурæй ку ’рбаздæхиуонцæ, уæдта син хецау сæ рæгътæбæл æхсæй балæууидæ – нæ арæхсетæ, зæгъгæ.

Темур еу бунати æгæр берæ ке рафæстеуат æй, уобæл мæстæй цæхæртæ калгæй, аллонтæмæ æртхъерæн кодта: «Æз ма сумахæй муггаг ку ниууадзон», зæгъгæ, æма «идарддæр нæуæг стæрмæ уæхе цæттæ кæнетæ», зæгъгæ, бардзурд равардта. Рæвдзæ кодтонцæ сæ хотухтæ æма сæ фадæварцитæ. Бони гъæдæ дæр цидæр раййевæ-баййевæ кодта. Уæд хор цæхæркалгæ ракæсидæ, уæдта æхе мегъти фæсте къæндзæстугхузæй раримæхсидæ. Терки дон дæр уæд тохи зар ниццæгъдидæ, уæдта бабæй зæрдихалæн гъарæнгæ. Уалинмæ дууæ сахъ цæргæси фæззиндтæнцæ æма азиаг тухгæнгути лагери сæрмæ зелун байдæдтонцæ. Ахсахъ-Темур сæмæ къохауyонæй дзæвгарæ фæккастæй, æ гъæуайгæнгутæмæ райамудта, æргæлдзетæ сæ, зæгъгæ. Тургауттæ сæ тохæнгæрзтæмæ фæллæбурдтонцæ, æма æндон фæттæ æзнæт дидинбиндзитау ницъцъуввут ластонцæ. Æртиккаг æхстæн цæргæстæй еу фæккиудтæй æма уæд таргъæдæ ’рдæмæ рафардæг æнцæ.

Хецауи цæстæмæ гъæуайгæнгутæ сæхемæ куд нæ ниццайуонцæ, фал цæргæсбæл ке фат исæмбалдæй, ка рæстдзæвиндæр æй, уобæл ку исхъæлæба æнцæ, раст еци рæстæг лагери искæсæн æрдигæй чауисти фæдесгъæр «илл-алла» райгъустæй. Æнæнгъæлти бабæй сæмæ аллойнаг дууæ бæхгини æрбалæбурдтонцæ æма, æллæх-æллæх, раст сæбæл цума дæсгай къохтæ адтæй, уоййау «тох, тох!» гъæргæнгæ знæгти сæртæ фæйнердæмæ æсхъеун кодтонцæ. Кæми багъæуидæ, уоми æхсаргæрдтæ сæ дæндæгути æхсæн райвæргæй, сæ фæттæ æскъот кодтонцæ, сæ тохи гъæр Æргинарæги коми азæлдæй.

Фæлгæсæн уæзæгæй æнæнгъæлæги карз тохмæ кастæй Ахсахъ-Темур. Æ сорхед ракалдæй, æ тугъдмондаг иуæнгтæ ба æхсилкъитæгæнгæ, дууæ аллойнаг бæхгинемæ къохæй амонгæй, æ гъæуайгæстæн зæгъуй: гъири, гъири, гъома, æнæбасæттонтæ. Æвæдзи, еци гъири нæ синхаг адæмтæбæл райгъустæй æма нæ абони дæр цæцæн, дагестайнæгтæ æма мæхъæлæнттæ гъиритæ хонунцæ. Ка ’й зонуй, еци гъиритæмæ гæсгæ нæхуæдтæ нæхе хонун байдæдтан Ир, ирæнттæ.

Тохмондаг Темури исфæндадтæй еци дууæ æнæсæттонæй хæццæ лæгæй-лæгмæ истохун. Æ хотухтæ æрбабаста, фал имæ цалинмæ æ бæх ластонцæ, уæдмæ уинуй, биццеу-бæхгини хорхи фат иннердæгæй ракастæй. Кеун ку байдæдта, уæд имæ е ’мбал кизгæ-бæхгин фæллæбурдта, æхемæ ’й æрбайста æма таргъæди æ фæд æрбайсавдæй. Сæдæгай чауистæ ’й дууæ бони фæййагурдтонцæ, фал æ фæд еу къæми исæфт фæккодта.

Рамардæй авдуодон сахъ биццеу æ уарзон кизги гъæбеси. Æргинарæги коми, адæймаги къах кæми нæма нифсардæй, уоми ’й, ставд цæстисуг калгæй банигæдта. Рохсаг уо, рохсаг, загъта, æма ’й æ фæллад къæхтæ кумæ хастонцæ, уоцирдæмæ, æ идарддæри цардбæл сагъæсгæнгæй, рараст æй. Лæгсирдтæй æхе римæхсгæй, цудæй, сирд дæр кæми на балæстайдæ, уæхæн пихсæ æма синдзити ’хсæнти. Æ къохтæ æма цæсгон ницъцъæрæмухститæ ’нцæ, æ уæледарæс, цума ’й арс ниттудта, уоййау нискъудтæ ’й. Дуккаг изæр æй æ фæллад къæхтæ гъæди астæу къæдзæхрæбун еу минкъий лæгæтгондмæ бахастонцæ. Лæгæти талингæ къуми уæрцци тарст бæдæлтти хузæн сæхе нилхъивтонцæ æртæ седзæр сувæллони. Æхебæл сæ бауyæндун кодта, æ дзæкъоли ма ци къæбæрти мортæ адтæй, уонæй сæ бафсаста. Бон цæуй æма фарнæ хæссуй. Гъе, æма уæдæй фæстæмæ адæми фарнæ æма Хуцауи хуарзæнхæй хайгин силгоймаг знаги сосæггай æмбурд кæнун райдæдта ихæлд æма сугъд гъæути, дæрæнгонд сахарти æвæгæсæг седзæр сабийти. Æ уоди гъарæй сæ барæвдудта, цидæр бузуртæ сæбæл искодта. Дигоргоми Задæлески коми æ сабийти хæццæ æрцардæй еу устур лæгæти. Сæ еугуремæн дæр иссæй еумæйаг мадæ, хонгæ ба ’й кодтонцæ Нана. Гъомбæл сæ кодта гъæддаг рæзæ æма халсартæй. Уой фæсте уоститæ ракурдтонцæ, киндзити æрцудæнцæ æма гъæутæ исаразтонцæ.

Гъе уотæ Хуцауи исконд еу силгоймаг, æ муггаг æма ном кæмæн нæ зонæн, еци Нана багъæуай кодта æнæгъæнæ комидзаг адæми исонибон æма хуарзæй байзадæй адæмти зæрдити, зарти, историй хуарзæн имисунæн. Бацудæй рохс дзиуари хузæн Иристони адæми мади сорæти, æма ’й еудадзугдæр кадæ æма намуси хæццæ æримисæн.

Задæлески гъæуи цæргутæн ба еци лæгæт Нанай гъомбæлгонд цæуæти фæдзæхстмæ гæсгæ иссæй ковæндонæ, æма ’й абони дæр хонæн Задæлески Нанай рохс ковæндонæ.


Задæлески Нанай циртдзæвæни проекти къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

## ЗАДÆЛЕСКИ НАНА

**Тогуарæ æркодта, тогуарæ æркодта**
**Тъæпæн Дигорæбæл, Тъæпæн Дигорæбæл!**
**Ахъсахъ Тимури æфсæнцъух борæтæй**
**Сæ цъæх будуртæ ку батар æнцæ,**
**Æфсæнбид кауæй æнгондæр, федардæр**
**Сæ фалæбулай æртегол’ æнцæ.**
**Тъæпæн Дигорæн сæ финдздзæуæг адæн,**
**Сæ хъал фæсевæд, лæгæй лæг хуæздæр,**
**Се знæгти къохæй тог лæсæн кæнунцæ,**
**Кунæг кæнунцæ, мæрдтæмæ евгъуйунцæ.**
**Фæстаг лæги уæнгæмæ бæргæ тохунцæ,**
**Фал бунцагъд фæцæнцæ Тъæпæн Дигорæ!**
**Уæд сугъдæ ку схуæцуй, цъæх арт ку сгъазуй**
**Тъæпæн Дигорæн се ’вулд гъæутæбæл.**
**Сæ байзайæггаг дæр: силæй дæр, нæлæй дæр**
**Хасти ку фæцæнцæ!**
**Ку бабун æнцæ Тъæпæн Дигорæ,**
**Æвæстаг ку фæцæнцæ; кæугæ, дзиназгæ**
**Уæд байзайунцæ дзæгъæл сувæллæнттæ**
**Сæ сугъд бундорбæл, сæ сау фунукбæл.**
**Уæд ма разиннуй дзилли амондæн**
**Силæстæг дуйнебæл æма седзæрти**
**Æ разæй ку скæнуй фусти къуари хузæн.**
**Æхсæвæй, бонæй сæ гъæуай ку кæнуй**
**Гъæддаг сирдæй дæр, фудгæнæгæй дæр,**
**Будурæй — гъæдæмæ, гъæдæй — æрдозæмæ,**
**Дигори Æфцæгмæ ’рух ку раттуй.**
**Цæгатбæл бахезуй æма æд сувæллæнттæ**
**Задæлески сæри ку ’рбунат кæнуй.**
**Алли зайæгоййæй сæ хæссун ку байдайуй,**
**Хæссун ку байдайуй. Ку растур унцæ,**
**Сæ еумæйаг мадæ «Задæлески Нанай» мард**
**Кадæ, цити Хæтдзæ уæд ку байвæрунцæ**
**Задæлески фалдзос Морги лæгæти.**

***ЗАДÆЛЕСКИ НАНАЙ кадæнгæ 1894 анзи ракодта САУЛАТИ Дзæрæх.***
***Ниффинста æй ТУЙГЪАНТИ Мухарбег.***

## ЗАДÆЛЕСКИ НАНАЙ КАДÆН БÆРÆГБОН ЗАДÆЛЕСКИ ГЪÆУИ





***ХОДИ Камал (1941-2021), Цæгат Иристони адæмон поэт: «Цæмæй еу кенæ иннæ адæм историй аренæбæл мабал уонцæ, уой туххæй сæ æнæмæнгæ фесафун кенæ ниццæгъдун нæ гъæуй – уой туххæй еци адæми исæвæрун гъæуй уæхæн уавæрти, цæмæй мабал зононцæ се 'взаг.... Истори не 'взагæн фесæфуни тæрхон ку рахастайдæ, уæд абони хуæздæр-хуæздæр уаййанæ дууæ губерний».***

**ДÆ МÆСУГ ÆНОСТÆМÆ ÆНÆФЕХÆЛГÆ УОДЗÆНÆЙ, ÆНГОМ ФЕДАРГОНД ДОРТÆЙ ÆЙ КУ АРАЗАЙ!..**

# ЦÆСТУАРЗОНДЗИЙНАДÆЙ ÆХСЕДУЙ НÆ ЕУДЗИЙНАДÆ!..

Дзæвгарæ фæббæрæгдæр æнцæ æвзæгти хецæндзийнæдтæ дæр. Нуртæккæ ирон æвзаги ка нæййес, уæхæн дзурдти бæрцæ дигорон æвзаги исхъæрттæй фондз миней уæнгæ (раздæр сæ ахургæндтæ нимадтонцæ сæдæгæйттæй). Уой уæлæнхасæн ба ма нæ еумæйаг оссаг литературæ дæр дзæвгарæ фæммæгурдæр æй, дигорон фæлхæнæй ибæл, гæнæн куд адтæй, уотæ ке нæбал æфтудæй, уомæ гæсгæ.

## МАДТÆЛОН ÆВЗАГИ ФÆРЦИ САБИЙИ ЗУНДИ РАЙРÆЗТ ÆНТÆСТГИНДÆР ÆЙ

Рагацау æй æнгъæлун, уотæ дзоргутæ ке фæууодзæнæй, нурма рагон хабæрттæ цæмæн кæнуй, дигорон литературон æрмæг мухургонд ку цæуй «Рæстдзинад»-и æма «Мах дуг»-и дæр, зæгъгæ. Фал гъуддаг уой медæгæ 'й, æма нур дæр ма еци фарстамæ раздæри хузæн цæстингас даргутæ ке ес. Уæдта дигорон æвзагбæл финст æрмæгутæ мухур дæр кæнунцæ хъæбæр æстæн, æстонг лæгæн мамæлай къæбæр дæттæгау. Уавæр берæ хуæздæр нæй рауагъдадæ «Ир»-и дæр.

Мухур кæнунæн бартæ ес, фал фадуæттæ исаразунбæл ба нерæнгæ некема байархайдта. Еунæг редакций дæр нæма ес, дигорон æвзаг хуарз ка зонуй æма ка финсуй, уæхæн косæг. Уой фæдбæл цаутæн сæ еугурей ка банимайдзæнæй, уæдта гъæугæ дæр кæми кæнунцæ, фал си цалдæремæн æнæ зæгъæн нæййес, цæмæй лæдæрд уа, куд гурумухъ тухмиуæй лухгонд цудæй еци фарста дæр, уой туххæй.

Фæндзайæймаг æнзти дуккаг æмбеси дигорон æвзагбæл ка финста, уонæй цалдæремæй курдиадæ ниффинстан СЦКП-ий Централон Комитетмæ, цæмæй нин фадуат лæвæрд æрцудайдæ дигорон æвзагбæл финст æрмæгутæ мухури фæрæзнити мухур кæнун дæр æма скъолати дигорон сувæллæнтти сæ мадтæлон æвзагбæл ахур кæнунæн дæр. Финстæг æрвист æрцудæй фæстæмæ нæхе обкоммæ. Раст еци рæстæгути ба цудæнцæ районти партион конференцитæ. Районти хецæуттæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй унаффæ рахастайуонцæ аци фарстай фæдбæл дæр, комкоммæ загътайуонцæ фæндæ дигорон æвзаги нихмæ. Уæлдæр хецауадæ ци зæгъа, æма сæ дæлбареуæгтæ ци нæ бакæндзæнæнцæ?.. Лухгонд æрцудæй, дигорон æвзаг некæми гъæуй, зæгъгæ. Курдиади æ къох кадæр байвардта, етæ ба карзæй-карздæрæй æфхуæрд æрцудæнцæ.

Дуккаг цау дæр уомæ хæстæг æрцудæй. Еци фарстай фæдбæл цæмæдæр гæсгæ хецауадæ нæхе наукон-æртасæн институти хæлæфæй райаразта æмбурд. Дигоронау ка финста, уæдта дигорон скъолати ка куста, уонæй си еунæгей дæр не 'рбахудтонцæ. Æз дæр æмбурдмæ бахаудтæн æнæнгъæлти, еци рæстæг уоми ке фæдтæн, уомæ гæсгæ. Æмбурдæн разамунддæттæг адтæй уæди рæстæги обкоми мухури хайади сæргълæууæг Дзасохти Таймораз. Дигорон æвзаги нихмæ хъæбæр карзæй ниллæудтæнцæ Козурти Тамарæ æма Цагъати Настя – æвзæгтæбæл наукон æгъдауæй косгутæ. Мæнæ сæ сæйрагдæр гъуди: *«Мах дигорон диалект гъæуй айдагъдæр, цæмæй зонæн нæ еумæйаг ирон æвзаги истори. Еци куст кæнунæн ба нури уæнгæ фагæ мухургонд æрцудæй дигоронау æма нæ фулдæр нæбал гъæуй. Гъæутæмæ дæр экспедицитæ исаразтан æма исбæлвурд кодтан, дигорон æвзаг ке некæми гъæуй, уой…»*

Кæд мин дзурди барæ зинтæй лæвардтонцæ, уæддæр цалдæр хатти радзурдтон, фал, куд фæззæгъунцæ, «мæ дзубандитæ дон æ бунмæ фæлласта».

Хъæбæр зин, æвдузт уавæрти бахаудтæнцæ дигорон æвзаг, дигорон финсгутæ æма дигорон ахурдзау сувæллæнттæ 60-70-аг æнзти дæр. Дæсгай æнзти дæргъи, сауæнгæ æрæги уæнгæ дæр ма кæд, поэтикон уадзимистæй цидæртæ фæззиннидæ мухури, уæд прозæ æма драматургийæн ба сæ кой искæнун дæр нæбал уагътонцæ. Æхсайæймаг æнзти рæстæгмæ æхгæд æрцудæнцæ районти газеттæ «Социалистон Дигорæ» æма «Сурх-Дигорæ». Скъолатæй дæр бустæгидæр тард æрцудæй дигорон дзурд…



**Аци къарæ рагон æй, ист æрцудæй, дигорон финсгутæн Лескени астæуккаг скъолай ци исфæлдистадон фембæлд адтæй, уоми. Мухур ба 'й уомæ гæсгæ кæнæн, æма уæхæн фембæлдтити фæрци дзиллæ, уæлдайдæр ба кæстæртæ, æновуддæр кодтонцæ нæ мадтæлон æвзагбæл, беретæ си фæрразæнгард уиуонцæ дигоронау финсунмæ.**

## ЗÆРДÆБÆЛ ДАРУЙНАГ ÆЙ, АДÆМ СЕ 'ВЗАГÆЙ АДÆМ ÆНЦÆ!..

Уæддæр нæ бакумдта мæлун дигорон æвзаг. Гъæддзагъди бунати нæуæг талатæ куд райрæзунцæ, уотæ фæззиндтæй нæуæг финсæг фæсевæд. Æвдайæймаг æнзти дуккаг æмбеси етæ сæхецæн исаразтонцæ литературон еугонд «Ирæф» æма се 'вæрæни хай хæссунцæ не 'взаг, нæ литературæ æма культурæ фæгъгъæздугдæр кæнунмæ, архайунцæ, цæмæй скъолати дæр сувæллæнттæ райдайæн кълæсти ахур кæнун райдайуонцæ сæ мадтæлон æвзагбæл, æхцул ибæл уонцæ.

Цæмæн гъæуй, цума, скъолати ба сувæллæнтти мадтæлон æвзаг?.. Еци фарстамæ се 'ргом æздахтонцæ революций агъоммæ дæр Уæрæсей аллихузон адæмти устурдæр ахургæндтæ æма ахургæнгутæ. Зæгъæн, Гурдзистони – **Яков Гогебашвили**, Чуваший – **Николай Яковлев**, Иристони – **Уруймæгти Харитон** æма берæ æндæртæ. Етæ сæрмагондæй куд исбæлвурд кодтонцæ, уомæ гæсгæ сæ мадтæлон æвзагбæл ци сувæллæнттæ райдайунцæ ахур кæнун, уони зунди райрæзт фæууй дзæвгарæ хуæздæр, сæ гъудикæнундзийнадæ æма лæдæрундзийнадæ дæр фæуунцæ тухгиндæр, сæ зонундзийнæдтæ, сæ дзурдарæхстдзийнæдтæ дæр фæуунцæ дзæвгарæ фулдæр, æндæр æвзагбæл ахур кæнун ка райдайуй, еци сувæллæнттæй.

Æнæмæнгæ, уомæй раст адтæнцæ нæ рагон æцæг адæмон ахургæнгутæ. Æма куд нæ!.. Сувæллон фиццагидæр æ мадтæлон æвзаги фæрци базонгæ уй æ фалдзос цæрди фæззиндтитæ æма адæми хæццæ. Гъæуама æ идарддæри ахур дæр баст уа еци фæлтæрддзийнади хæццæ, кенæ ба къулумпигонд æрцæуй æ зунди ирæзт, æ гъудикæнундзийнадæ æма дзурдарæхстдзийнадæ. Æ кари хецæндзийнæдтæмæ гæсгæ æ зунди хъауритæ еугурæй дæр харзгонд цæунцæ æндæр æвзагæй нæуæг дзурдтæ багъуди кæнунбæл, расагъæс кæнунмæ ба ин рæстæг нæбал фæууй. Уой уæлæнхасæн ба ма æ зæрдæ фæцъцъæх уй ахурæй дæр æма имæ уæлæнгай цæстингас дарун райдайуй сауæнгæ хестæр кълæсти дæр.

Дигорон гъæути скъолати райдайæн кълæсти ахургæнгутæн зунд æй аци уавæр. Етæ зонунцæ, сувæллæнттæ райдайæн кълæсти мадтæлон æвзагбæл ку фæццалх унцæ кæсун æма финсунбæл, гъуди кæнунбæл, сæ зунд æма дзурдарæхстдзийнадæ ку фæффедар унцæ, уæд син е бундореуæг ке кæнуй сæ идарддæри ахурæн. Æнæмæнгæ, скъоладзаутæ уæд хуæздæр æма арфдæр базонунцæ иннæ предметтæ дæр хестæр кълæсти æма уæлдæр скъолати дæр.

Аци гъуддагмæ еувæрсуг æма рæдуд цæстингас дарунцæ еуæй-еуетæ, уæлдай хъæбæрдæр нæ дигорон районти. Уотæ гъуди кæнунцæ, дигорон сувæллæнттæ, дан, райдайæн кълæсти сæ мадтæлон æвзагбæл ку ахур кæнонцæ, уæд хуарз нæбал базондзæнæнцæ уруссаг æвзаг, уæд сæ зонундзийнæдтæ цауддæр уодзæнæнцæ иннæ предметтæй дæр æма син уæлдæр скъолатæмæ зиндæр уодзæнæй бацæуун, зæгъгæ. Лæмбунæг ибæл нæ расагъæс кæнгæй, уæхæн уæлæнгай, æнæбундор гъуди фиццаг бакастæй лæгмæ раст фæккæсуй. Фал е рæдуд æма сайд гъуди æй. Мадтæлон æвзаг хуарз ка зонуй, æ зунд, æ гъудикæнундзийнадæ хуарз ци сувæллонæн райрæзуй, е иннæ æвзæгтæ æма предметтæ, гъома, физикæ, хими, математикæ дæр хуæздæр базонуй. Уомæн фагæ æвдесæнеуæг кæнунцæ нæ хестæр фæлтæртæй мадтæлон æвзагбæл ка райдæдта ахур кæнун æма устур ахургонд, кенæ устур финсæг ка иссæй, етæ дæр.

Зæгъун гъæуй уой, æма æнккæтей разæй дæр, зæрдæбæл даруйнаг æй, адæм се 'взагæй адæм ке 'нцæ. Цалинмæ ма адæм се 'взагбæл дзоронцæ, уæдмæ сæ адæмбæл нимайдзæнæнцæ иннетæ дæр. Махæн ба не 'взаг исæфти къахбæл ниллæудтæй нæ байтамалдзийнади фудæй. Фæндзайæймаг æма уой фæсте æнзти нæмæ ци интеллигенци рагъомбæл æй, уонæй æй беретæ хуарз нæбал зонунцæ. Сæ дзубандитæ дæр сæ бийнонтæ æма адæми æхсæн дæр фæуунцæ æрдæгуалитæ, уруссаг хæлæмултæй. Дигоронау кæсун æма финсун ба æгириддæр нæй сæ бон, фал сæмæ уæддæр е ходуйнаг нæ кæсуй.

## ЕУ БУНДОРÆЙ РАВЗУРГÆ КЕ АН, Е НИ ИРОНХ МА КÆНÆД!..

Цийфæнди адæмихатт дæр æ суйни сæрбæл хуæцидæ мах алæмæттаг нарти кадæнгитæ æма аргъæуттæй, нæ номдзуд адæмон финсгутæ Гурджибети Блашка, Багъæрати Созур æма Малити Геуæргий исфæлдистадæй. Фал сæ нæ нури фæсевæдæй ба беретæ кæсгæ дæр некæд бакодтонцæ. Уæхæн уавæр сагъæссаг нæ, фал сагъæсарæ æма æрдеуагæ кæнуйнаг æй. Кæмæй нæ хундæуй, циуавæр адæмæй равзурстан, уой ку нæбал æвзарæн, нæ номгæнæг ахургæндтæн, исфæлдистадон архайгутæн, культурæн еумæйагæй аргъ ку нæбал кæнæн, уæд нин е устур æгадæдзийнадæ æй иннæ адæмти 'хсæн дæр æма 'й нæ сæрмæ цæмæн хæссæн?.. Уæхæн адæми иннетæ дæр нецæбæл фæннимайунцæ, æхе ка нæ уарзуй, е ма мах ба куд бауарздзæнæй, зæгъгæ.

Алкедæр ни гъæуама тæккæ фиццагидæр зона æхе адæми культурæ, æвзаг, архайа уони гъæздугдæр кæнунбæл, сæ багъæуай кæнунбæл. Фал уотæ маке бангъæлæд æма айдагъ уомæй нæ цард исараздзинан, зæгъгæ. Адæмтæ кæрæдзебæл баст æнцæ экономикон, политикон æма культурон æгъдауæй, æма кæрæдзей нимайгæй, кæрæдземæн агъаз кæнгæй ирæзунцæ.

Уой зæрдæбæл даргæй, уæддæр фулдæр æргом ба æздахун гъæуй нæхе нæ мадтæлон æвзаг æма культурæмæ. Махæн, оссаг адæми дууæ къабаземæн кæд хецæн æвзаги фæлхæнтæ ес, уæддæр еу тог, еу æстæг, еу бундорæй равзургæ адæм ан, æма уой иронх кæнун нæ гъæуй. Алантæй равзургæ оссаг адæм æдеугурæй, куд фæззæгъунцæ, «армидзаг æнцæ», æма нæ хъаурæ æй нæ еудзийнади. Нæ културæ дæр еумæйаг æй, уомæ гæсгæ ба, кæрæдземæн цæстуарзон уогæй, алкедæр ни е 'вæрæн хæсса уомæ æхе мадтæлон æвзаги фæрци.

## РЕДАКЦИОН ФÆСДЗУРД

*Ку зæгъæн, аци уац финст æрцудæй хъæбæр раги, фал си уæддæр ес, абони дæр расагъæс кæнун кæбæл гъæуй уæхæн зæгъдтитæ. Æма нæ зæрдæ дарæн, уони фæдбæл сæ гъудитæ зæгъдзæнæнцæ нæ газеткæсгутæ дæр. Фиццагидæр ба, кæд нæхе æрлæдæрунгъон ан æма æцæгæйдæр тухсæн нæ мадтæлон, нæ дигорон æвзаги ирисхъæбæл, уæд æргомæй ни алкедæр æхемæ æркæсæд æма рæстзæрдæй æхецæн дзуапп раттæд, æ бон ци æй æма æ равгитæмæ гæсгæ фагæ архайуй уой сæрбæлтау, зæгъгæ, фарстайæн.. Кæдæй-уæдæй нæмæ уагъд цæунцæ дигорон æвзагбæл газет «Дигорæ» æма журнал Ирæф». Æма син æркæсайтæ сæ тиражтæмæ – аллайаг минкъийтæ. Ке фудæй? Гъе еци уавæрæй гъæуама идайуонцæ нæ дзубандитæ дæр, нæ уайдзæфтæ дæр, нæ фæндитæ дæр…*

**Сухи мæйи фиццан хуцаубони Уæрæсей бæрæггонд фæццæуй æфсæнвæндаггон косгути Бон, æма зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики еци ахсгиаг къабази еугур фæллойнæгæнгутæн дæр.**

## ХУАРЗ ФИДТÆЛТÆ КÆМÆН АДТÆЙ, Е ХУАРЗ КÆСТÆРТÆМÆ ÆНГЪÆЛМÆ КÆСÆД!..



# ЗÆРДÆСКЪÆФТ ФÆККОДТОНЦÆ ЕВРОПÆ

*Фараст æма æхсæзинсæй анзей размæ æрцудæй уæди рæстæгути алæмæти, фал абони нæ дзиллæй ка феронх æй, уæхæн нисанеуæггин цау. Уæд нæ адæми искурдиадæгиндæр кафгутæй, заргутæй æма бæхбæлбадгутæй ци фиццаг исфæлдистадон къуар арæзт æрцудæй, е 1897 анзи мартъий кæрони æ аййевадæ ’вдесæн балций ранæхстæр æй Нигулæн Европæмæ.*

*Аци ахсгиаг æма зæрдæбæл æнæмæнгæ бадаруйнаг цауи фæдбæл æрмæгутæ фæззиндтæй æ рæстæги дзиллон хабархæссæг фæрæзнити, уонæй еу – нæ Фидибæсти Гæрзефтонг Тухти ветеран, отставки болкъон, æхсæнадон архайæг дзенети бадæг **Хæутати Къостай** финст уац. Æма ’й абони мах дæр мухур кæнæн.*

### ГЪÆУ СÆУМИЦЪÆХÆЙ БАЗГУЛИ ÆЙ ИУАЗÆГ ДЗИЛЛИТÆЙ...

Еци ансамбльбæл сæрмагонд ном нæ адтæй, фал æй адæм абони дæр ма хонунцæ «Париждзаутæ». Уони фæрци Европæ фиццаг хатт базонгæ ’й цæгаткавказаг адæмти аййевади хæццæ. Ансамбль адтæй нæ адæми аййевадæ фиццаг хатт «Æз дæн æма уодзæнæн!..», зæгъгæ, ке фæрци нигъгъæр кодта, е. Дузæрдуггаг нæй, æ равзурд уæди дзамани хъæбæр устур цау ке адтæй нæ национ культури историй, е.

Куд равзурдæй æви цæхуæн адтæй еци дессаги ансамбль, уой абони фæлтæртæй беретæ, гъулæггагæн, нæ зонунцæ. Уой хинцгæй мæ цубур уадзимиси æнæ зæгъæн нæйййес, «Париждзаутæ» ка адтæнцæ, куд æма кæми фескъуæлхтæнцæ, уой туххæй.

Рагæй-æрæгæмæ дæр Иристон гъæздуг адтæй æма нерæнгæ дæр ма æй искурдиадæгин адæмæй. Уой фæрци нæ аййевадæ æма, еумæ райсгæй, нæ культурæ абони дæр æй хуарз æмвæзади. Раги дзамани фæсарæнтæй æрбафтуйæг адæймаги устур деси æфтудта нæ адæми зæрдæскъæфæг, хуæдбундор æма арф медесгун аййевадæ. Еу уæхæн цæмæдестæгæнæг адæймаги хъæппæресæй 1897 анзи арæзт æрцудæй ансамбль «Париждзаутæ».

Архивон æрмæгутæ æма ансамбли архайгутæ куд дзурдтонцæ, уотемæй ке хъæппæресæй арæзт æрцудæй, е адтæй, аййевади рæсугъддзийнадæ хуарз ка зудта, уæхæн немуцаг гъæздуг лæг фон Геринг. 1880-аг æнзти е цæйбæрцæдæр рæстæг фæцæй Иристони æма базонгæ ’й нæ адæми аййевади хæццæ. Фæуундта нæ адæмон кæфтитæ, бæхтæбæлгъæзтити лæгдзийнæдтæ æма сæ æ зæрдæмæ хъæбæр хæстæг райста. Уой фæдбæл исфæндæ кодта еци агъазиау аййевадæ Европи цæргутæн равдесун. Еци вазуггин гъуддаг исаразун еу адæймагæн адтæй æгæр уæззау, æма Геринг нæ интеллигенций æхсæн иссирдта еузæрдиуон, æргъудигун æма арæхстгин æмбал. Е адтæй Хетæгкати Къостай лимæн, æрæдойнаг ротмистр (фæстæдæр болкъон) Гайттати Налухъ (Николай).

Геринг æма Налухъ 1896 анзи фæззилдæнцæ Иристони гъæутæбæл искурдиæдтæ агорæг. Сæ нисанмæ гæсгæ сæ равзарун гъудæй 50-60 адæймаги, фал Европæмæ рарветуни аккаг ка адтæй, етæ иссæнцæ цалдæр сæди. Æма уæд 1897 анзи мартъий райдæдта ансамбльмæ æвзурстити дуккаг тур. Конкурс æма репетици кæнуни бунатæн æвзурст æрцудæй Иристони устурдæр гъæутæй еу – Гъæдгæрон. Уомæн æма æ тæккæ астæу адтæй устур (цуппар дæсæтини) лигъз фæзæ. Ардæмæ еристи архайунмæ æма сæ фæууинунмæ алли гъæутæй æма станицитæй æрæмбурд æнцæ берæ адæм. 1897 анзи газет «Терские ведомости» финста: «Пожелавших ехать в Париж оказалось несметное количество…» Æма ма никкидæр: «С самого утра село пришло в движение: съехалась масса народа мужчин и женщин в дорогих национальных костюмах…»

### АЛКÆМИДÆР СÆБÆЛ ÆМБАЛДÆНЦÆ ДЕСТÆГÆНГÆЙ, ÆХЦÆУÆНÆЙ, АРФИАГÆЙ...

Æвзурстити дуккаг тур куд цудæй, уой туххæй конкурси архайгутæ Къацити Верæ æма Хæутати Бабæгиз уотæ имистонцæ:

– Гъæдгæрони Нарти Зилахари будур баскъуæлхтæй. Нихæси фæзæй (фæстæдæр æй рахудтонцæ Гъæзти фæзæ) мæйи дæргъи игъустæнцæ: фæндурдзагъд, зар, къæрцгæнгути æзгули, цæфхæдти зæлланг æма ливори гæрæхтæ. Гъæуи алли хæдзари дæр адтæй иуазгутæ, æма син фидтæлти æгъдаумæ гæсгæ алли хæдзарæ дæр кодта кувд…

Мæнæ париждзаути кæстæртæй еу, Созæти Александр ба æндæр хузи загъта еци бæрæгбони туххæй:

– Нæ гъæу цума Олимпаг гъæзтити центр адтæй, уотæ мæ цæститæбæл уайунцæ нæ кизгутти ездон æзмæлд, биццеути гъæйтт-мардзæ кæфтитæ æма бæхтæбæл гъæзтити сæрзелæггун трюктæ. Æвæдзи, Цæгат-Кавкази уæхæн устур бæрæгбон фиццаг хатт æрцудæй арæзт…

Конкурси къамиси архайдтонцæ: Гайттати Налухъ, Ганиккоти Къоста – афицер, Гæбути Алихан (Барис) – ахургæнæг, Черджиати Темболат – афицер æма фон Геринг æхуæдæг.

Къамиси иуонгти хатдзæгтæмæ гæсгæ ансамбльмæ æвзурст æрцудæнцæ адæм алли гъæутæй æма алли муггæгтæй. Дæлдæр мухур кæнæн муггæгти номхигъд æма сæ минæвæрттæ цал адтæнцæ, уой:

– Бегизтæй – 1, Гайттатæй – 7, Гæззатæй – 1, Гæбутæй – 1, Гугкатæй – 4, Гутъиатæй – 1, Дзтиатæй – 1, Дзускатæй – 1, Зæнгиатæй – 1, Зугъутатæй -1, Кучиатæй – 4, Хъæбæлотæй – 1, Мердентæй – 1, Мистулатæй – 3, Огъуатæй – 1, Хæдарцатæй – 1, Хъаратæй – 1, Хъулатæй – 2, Талханатæй – 1, Созатæй – 6, Хутъинатæй – 5, Черджиатæй – 5.

Ансамбли архайгутæ сæ карæмæ гæсгæ адтæнцæ: 12-16-анздзудтæ – 16 адæймаги, 17-30-анздзудтæ – 11, иннетæ еугурæйдæр адтæнцæ 31 анземæй 45 анзей уæнгæ. Ансамбли аййевадон разамонæгæй нисангонд æрцудæй Черджиати Темболат.

Ансамбль 1897 анзи мартъий фæстаг бон ранæхстæр æй æ балций Нигулæн Европæмæ. Куд цудæнцæ æцæгæлон бæстæмæ, ци уавæрти цардæнцæ, уонæбæл нæ дзубанди ниддæргъвæтийнæ уодзæнæй æма сæбæл нæ дзордзинан. Абони нæ дзубанди цæудзæнæй, париждзаутæ нæ национ адæми аййевадæ æма нæ адæми ездондзийнадæ фæсарæйнæгтæн ци хузи æвдистонцæ æма син етæ ба ци аргъ искодтонцæ, уобæл.

Бæлццæнттæ сæ фиццаг концерт лæвардтонцæ Парижи, фал еци цауи туххæй ецирдигон дзиллæн парахаттæй хабаргонд, æвæдзи, не ’рцудæй, æма сæмæ уоййасæбæл берæ кæсгутæ не ’рбацудæй. Фал уой фæсте ци концерттæ цудæй, уонæмæ, париждзау – Датрити Хансиат куд имиста, уотемæй «адæм гулф кодтонцæ, уой бæрцæ адтæнцæ, æма сæ зæнхæ куд уорæдта».

Парижи фæсте концерттæ цудæнцæ Берлини, Лейпцänиги, Гамбурги, Дрездени, Коппенгагени, Кенигсберги æма ма Францый дууæ минкъий сахареми. Алли сахари дæр артисттæбæл æмбалдæнцæ устур цийни хæццæ, се ’рцудмæ син цæттæ кодтонцæ гъазти фæзæ, гъæуайгæнгутæ, фусунуат æма бæхдæнттæ.

Бæлццæнттæ анзи ’рдæгæй фулдæр фæцæнцæ фæсарæнти, равардтонцæ сæдемæй фулдæр концерттæ. Фæстæмæ Иристонмæ исæздахтæнцæ æрæгвæззæги.

Фæсмойнаг æй париждзаути архайдæн нин рæстæги дæргъæ фагæ æвдесæндар æрмæг ке нæ ниуугъта, е.

Бæлццæнттæ сæхуæдтæ куд дзурдтонцæ, уотемæй сæ балци рауадæй æнтæстгин. Концертмæ кæсæг адæм алли номербæл дæр æмбалдæнцæ зæрдæхцæуæнæй, тухгин æрдзæфæй æма аразийæй. Мæнæ цалдæр тæлмæней хæццæ исæздахтæй еци аййевадон балцийæй Созæти Александр:

– Цалинмæ ни еске æ номер æнхæст кæнидæ, уæдмæ концертмæ кæсгутæ æзмæлгæ дæр нæ кодтонцæ, æдзинæг кастæнцæ. Фал куддæр кафт, кенæ бахтæбæлгъазт фæууидæ, уæд сæ цума уадæ исæзгули кæнидæ, уотæ базмæлиуонцæ, сæ цийнæ æма æрдзæфæн кæрон нæбал уидæ. Концерти фæсте ба нин æрдзæф кодтонцæ лæугæй, саувæнгæ сæ сæ хæдзæрттæмæ рандæунмæ сæ къæхтæ нæбал хастонцæ, нæ алливарс æртумбул уиуонцæ.

Нæ куст ци сахари фæууианæ, уой хецауади минæвар æрцæуидæ нæ фæстаг концертмæ æма нин арфитæ æма лæвæрттæ искæнидæ. Лæвæрттæн сæ фулдæр адтæнцæ авгæ æма хъазар æзгъæрæй, кенæ уонæй аййевдæр дзаумæуттæ (цæнгдарæнтæ, фæрдгутæ, æхситæ, рæнттæ).

Фæсарæйнæгти зæрдæмæ хъæбæр цудæнцæ «Симд», «Лæгти кафт» æма «Чепена». Чепена ку зариуонцæ, уæд ин æ базарди дзурдтæ æмдзæгъдгæнгæй фæлхат кодтонцæ. Сувæллæнттæ ку кафиуонцæ, уæд син адæм исистиуонцæ æма син лæугæй æрдзæф кодтонцæ.

### ХУÆРЗГÆНÆГИ ХУАРЗÆН УÆДДÆР АККАГ АРГЪ КÆНУНГЪОН КУД НÆ АН...

Бæхтæбæлгъазгути архайди туххæй ба мæнæ куд имиста Бегизати Амурхан:

– Æвæдзи, Хуцау бæх исфæлдиста нæ адæмæн, цæмæй ибæл æрдхуæрæни гъазт кæнонцæ изæдти æхцæуæнадæн. Нæ бæхбæлгъазгутæ сæ номертæ æвдист ку фæууиуонцæ, уæд сæбæл æрæмбурд уиуонцæ æма, цума уæларвæй æрвист адтæнцæ, уотæ сæмæ кастæнцæ. Еуæй-еуетæ дузæрдуг кодтонцæ Гутиати Батраз бæхбæл бадгæй уæлдæфмæ исгæлст карки айкæ æнæ расæттгæй куд ахæста, уобæл. Беретæй не ’руагæс кæнидæ ансамбльмæ хинттæгæнæг кенæ дуагæнæг нæййес, е. Куд уинæн, уотемæй «Париждзаути» балци иссæй тæккæ ахедгæдæр цау нæ адæми культури советон доги размæ, ансамбль æхуæдæг ба – Иристони фиццаг музыкалон-хореографион коллектив. Фал, гъулæггагæн, уæди дзамани ансамбли архайд Терки облæсти хабархæссæг фæрæзнитæ æмбæлгæ хузи нæ равдистонцæ.

– К сожалению, и в советское время это феноменальное событие до конца не исследовано и не оценено по достоинству, – уотæ евгъуд æноси дууинсæйæймаг æнзти профессор Гагкайти Хъазан финста Гутнати Хъанæмæтмæ.

Париждзаути дессаги балцийæн аккаг аргъ ка искодта, етæ адтæнцæ айдагъдæр дууæ дзенети бадуйнаг адæймаги – зундгонд аййевадæртасæг, дирижер Виктор Долидзе æма адæми уарзон далафæндурæйдзæгъдæг Хъалæгати Иналухъ сæ бацæттæгонд аййев «Париждзаути зар»-æй.

Уæхæн адтæй Иристони сæрæн фæсевæди дессаги балци Нигулæн Европæмæ.

**Абони, 1 августи, бæрæггонд цæуй ниййергутæн цитæ кæнуни Бон. Æнахур уæмæ нæ кæсуй? Цума ниййергути нимайун æма сæбæл ауодун еу бони æгъдау æй...**

*По утрам ем бутерброды с икрой, чувствую, жизнь удалась. В следующем году посажу еще больше кабачков...*

☺ ☺ ☺

*– Папа, а как звали тещу Адама?*
*– У него не было тещи, сынок... Он жил в раю...*

☺ ☺ ☺

*Умная жена никогда не кричит на мужа. Приказы отдаются спокойно, четко и ясно.*



# АДГИН ДÆР ÆЙ ÆМА ПАЙДА ДÆР!..

***Аци æрмæг мухур кæнæн дууæ рæуагемæ гæсгæ. Еуемæй, 3 августи бæрæггонд цæудзæнæй харбузи Бон. Иннемæй ба, ралæудтæй бабæй анзи уæхæн афонæ, æма зæрдæ, уæлдайдæр ба тæвдæ рæстæги, фулдæр хæттити ку байагоруй харбуз. Æ адгин донæй ком рауазал кæнунæй хуæздæр ма ци фæууй. Фал беретæ нæ зондзæнæнцæ еугуремæн дæр уарзон æма алкæмæн дæр уарзон зайæгоймæ биологион цæстингасæй ку æркæсæн, уæд уой туххæй æнæмæнгæ ци зонун гъæуй.***

Харбуз адæймаги организмæн пайда ке æй, е зундгонд æй хъæбæр рагæй. Æ хузæгæндтæ ин абони фæууинæн ес мисираг пирамидити фæрстæбæл. Аргъ кæмæн нæййес, уæхæн агъазиау халсартæбæл ба нимад цудæй Рагон Китайи. Уоми кæддæр бæрæг кодтонцæ «Харбузи бон» дæр. Уæрæсемæ ба кæрдæгхуз гъолон-молон «къубулойнæ» æрбафтудæй XVII æноси, æма зундгонд иссæй, куд æнахур дессаги адгин æма æнæнездзийнадæн пайдахæссæг културæ.

Æцæгæйдæр, организмæн пайда ке хæссуй, уобæл дзоруй харбузи химион искондзийнадæ. Æ сурх фæлмæни берæ ес витаминтæ С æма РР, уæдта В къуари витаминтæ, каратотин æма фолийи тауæгадæ.

Гъуддаг уотæ ’й, æма харбуз хуæрун агъаз кæнуй организм уæлдай уæзæй фæййервæзунæн. Æ æвæрццæг рахуæцæнтæ ба ’нцæ цалдæр. Фиццагидæр, ами ес донихупп тæрæн менеуæг. Æ фæрци адæймаги уæзæ еу-дууæ килограммей бæрцæ фæмминкъийдæр уй, организмæй уæлдай тæнгъæдтæ ке рацæуй, уой туххæй.

Дуккагæй, харбуз æнцонæй фесафуй стонги æнкъарæнтæ. Æ пайда ба уой медæгæ ’й, æма харбузи фæлмæни 100 грамми æдеугур ес 35 килокалорий – харбуз байдзаг кæнуй ахсæн æма адæймаг феронх уй е ’стонг. Уомæй уæлдай, минкъий ахедундзийнадæ нæййес аци халсарон гагарæзи адгин адæн дæр. Физиологион æртасæнтæ куд равдистонцæ, уотемæй адгиндзийнадæ хъæбæрдæр æвзурун кæнуй æфсеси æнкъарæнтæ. Уомæ гæсгæ харбузи фæрци ахсæн фæккосуй рæуæгдæр уагæвæрди, адæймаг хуæруйнагбæл минкъийдæр фæгъгъуди кæнуй.

Куд загътан, уотемæй харбуз минкъий пайда нæ хæссуй организмæн. Е агъаз кæнуй зæрди тогдадзинтти æма урги незти азарæй ци рæсудтитæ фæззиннуй бауæрбæл, уони дзæбæх кæнгæй дæр. Харбузи дон æй фруктозæ ’взурунгæнæг. Е сæкæрæй игъаугидæр тагъддæр батайуй организми.

Харбуз ма пайда æй уомæй дæр, æма клетчатки хæццæ е æлхъевун райдайуй ставд хæлори æма ратæруй холестерини уæлдæйттæ. Диетологти гъудимæ гæсгæ, суткæмæ харбузи фæлмæн хуæрæн ес 2,5 килограмми, фал уой кæнун гъæуй æмхузон – минкъий хæйттæй. Уæлдай хъæбæрдæр аци домæн æнхæст кæнун гъæуй, сæ урги дортæ кæмæн ес, еци адæмæн. Уомæн æма иннетæй игъаугидæр уонæн харбуз фулдæр пайда хæссуй.

Уæхæн сæйгити организми дони хуппи цæнхити æмвæзадæ харбузи бауæргъæдти æндæвдади фæрци уæлæмæ исхезуй, æма тайун райдайунцæ тæккæ устурдæр дортæ дæр. Харбузи дон æрдзон æгъдауæй зианхæссæг бауæргъæдтæ æндæмæ ратæруй игæрæй. Уомæ гæсгæ харбузи аци æгæрон пайдабæл æнæмæнгæ гъуди кæнун гъæуй, игæри хроникон незтæ дзæбæх кæнгæй, уæдта хуайраг адæймагæн ку нæ батайуй, еци рæстæги дæр. Аци адгин халсар хуæрун дохтиртæ фæййамонунцæ антибиотикон медицинон хуастæй дзæбæх кæнуни кусти фæсте дæр.

Раст ку зæгъæн, уæд харбузи фæлмæни буни ци хъæбæр цъарæ фæууй, мах алкæддæр гæлдзгæ ке фæккæнæн, уой дон никки хъазардæр æй сурх фæлмæни донæй, дони хупп тæрæн менеугутæ имæ фулдæр ке ес, уой туххæй. Фæткъуй дони хæццæ исхæлæмулæ кæнгæй си ци ниуазуйнаг рауайуй, е берæ хæлардæр æма иуонгрæуæггæнæг дæр æй. Еудзурдæй, харбузи цъари ци бауæргъæдтæ ес, етæ дæр минкъийдæр пайда нæ ’нцæ организмæн, махмæ ба уотæ фæккæсуй, цума етæ нецæмæн гъæунцæ. Фал уæхæн ниуазуйнаг агувзи æмбесæй фулдæр еу хаттæн ниуазæн нæййес. Уомæн æма тæссаг æй дони хупп тæрæн менеуæг æгæр хъаурæгин ку фæууа, уомæй.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, адгин харбуз практикон æгъдауæй пайда æй еугуремæн дæр. Фал æ берæ некæмæн бæззуй, уæлдайдæр ба сæкæри диабетæй сæйгитæн, сæ игæрти дортæ кæмæн ес, уæхæн адæмæн, дæлахсæнон незтæ кæмæ ес æма æндæртæн. Уомæй уæлдай зæрдæбæл дарун гъæуй, харбуз цæхгунти хæццæ ке нæ бæззуй, уой дæр. Уомæн æма цæнхæ тæнгъæдæ ниууорамуй организми, æма гæнæн ес, æ фæсте рæсудтитæ ку расайа, уомæн.

Кæронбæттæни ба мæ зæгъун фæндуй: кæд гæнæн уа, уæд ци харбуз æлхæнетæ, уой исбæрæг кæнетæ, нитраттæ си ес æви нæ. Етæ организммæ ку бахаунцæ, уæд зæрдæ фæххæссуй, губун фæддон уй, сауæнгæ ма уомун дæр фæццæуй. Кæд халсарти кæдзосдзийнадæ исбæрæг кæнун къохи нæ бафтуйа, уæддæр æй уæ бон æй балхæнун, æцæг уой уæ зæрдæбæл даретæ – харбузæн æ пайда æй æ хурфи фæлмæн, зианхæссæг нитраттæ ба бамбурд унцæ цъари.

***БЕСЛЕХЪОТИ Ирæ, дохтир.***




## СОЦИАЛОН ФОНДÆЙ



### НИЙЙЕРÆГИ СЕРТИФИКАТ

Аци анз Цæгат Иристони биййонтæй 6,8 минемæй фулдæр испайда кодтонцæ ниййерæги сертификати лæггæдтæй.

Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ æнгъæлдзау силгоймæгтæн æма нæуæгигурд сабийтæн медицинон агъаз бакæнунæн республики медицинон косæндæнттæмæ барвиста 36,7 миллион соми.

Ниййерæги сертификати фæрци ес силгоймæгти консультаций лæггæдти, сувæллон райгуруни рæстæг медицинон агъази, уæдта сабийи царди фиццаг анзи дæргъи медицинон æртасæнти æргътæ бафедуни фадуат. Æнгъæлдзау силгоймæгти номхигъдтæмæ ци бон бахæссунцæ, уæдæй дууæ боней æмгъудмæ медицинон косæндонæ амунд документ электрон уагæй исаразуй. Ниййерæги сертификат силгоймæгти консультаций исаразуни фадуат ку нæ уа, уæд æй ниййерæгæн раттунцæ арæндони, кенæдта сувæллæнтти поликлиники.

– Ниййерæги сертификати аргъ æй дууадæс мин соми. Æрмæги æхцайæй райсæн ке нæййес, еци амунд æхцатæ барветунцæ медицинон косæндæнттæмæ. Аци косæндæнттæ сæ бахарз кæнунцæ дохтиртæн мизд бафедуни, уæдта гъæугæ ефтонггæрзтæ балхæнуни гъуддæгутæбæл, – зæгъуй регионалон хайади разамонæг Милдзихти Аслан.

Документ ци æртæ талонемæй арæзт æй, уонæй сæ алкæций нисантæ исæвæрунцæ медицинон косæндæнттæмæ бахатуни рæстæг: 4000 соми – силгоймæгти консультаций цæстдарди туххæй (барадон, психологон æма медицинон-социалон агъаз нимайгæй), 6000 соми – арæндони фæййагъаз кæнуни туххæй, 2000 соми – сабиймæ æ царди фиццаг анз сувæллæнтти поликлиники цæстдарди туххæй.

Исонибони мадæ кæд фазæнттæмæ æнгъæлмæ кæсуй, уæддæр ин раттунцæ ниййерæги айдагъдæр еу сертификат (уомæн æма аци документ раттунцæ сувæллонæн нæ, фал силгоймагæн).

Документæн гæгъæдитæ исаразунæн исонибони мади ихæс æй паспорт, æнæмæнгæ банхæсткæнуйнаг медицинон фæдзæхстати полис æма СНИЛС бавдесун. Сертификат куддæр исаразонцæ, уотæ аци документи бæрæггæнæнтæ фæууинæн уодзæнæй портал «Госуслуги»-йи «личный кабинет»-и

ФЕППАЙУЙНАГ: æнгъæлдзау силгоймагмæ æхцай бундорбæл кæд цæстæ дарунцæ, уæд ниййерæги сертификат нæ исаразунцæ æма ин медицинон лæггæдти аргъ нæ бафедунцæ.

Кæд ма уæмæ фарстатæ исæвзурдæй, уæд уæ бон алкæддæр лæвар бадзорун æй Уæрæсей Социалон фонди еугонд контакт-центри телефони уæхæн номерæй: 8-800-100-00-01. Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæ косуй авдисæрæй цуппæрæни уæнгæ – 9.00 сахаттемæй 18.00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба – 9.00 сахаттемæй 16.00 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ.

***Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ***

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**E-mail:** gazeta.digora@kpmk.alania.gov.ru

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **510.** Заказ **№ 1616.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 31.07.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 31.07.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**